



Granmoun Aje Entelijan, Envestisè Entelijan

Pa kite yo pran w nan magouy!

Chè Rezidan New York Yo,

Se byen malere, men se vre: yo souvan vize gramoun aje yo nan zafè eksplwatasyon finansye ak fwod nan envestisman. Yon etid resan te dekouvri, nan sèlman yon lane, gramoun aje yo pèdi omwen \$2.9 milya nan fwod ni moun yo konnen ni moun yo fè konfyans komèt ansanm ak etranje. Epi sa ki pi mal la, viktim ki pèdi lajan yo a pa gen anpil chans pou yo rejwenn li, menm si yo arete moun ki komèt krim yo.

Li enpòtan pou tout moun gen bon zouti ak enfòmasyon pou pran desizyon sou finans yo, pou konnen pi bon fason pou pwoteje tèt yo ak lajan yo redi di pou yo fè a. Bwochi sa a bay kèk nan zouti sa yo: kijan pou rekonèt yon magouy; ki moun ki gen risk pou yo pran nan magouy; epi, sa ki pi enpòtan an, kijan pou pwoteje tèt ou.

Youn nan fonksyon prensipal biwo nou an se pwoteje rezidan New York yo kont fwod nan envestisman ak fwod finansye. Si ou kwè ou menm oswa yon moun ou konnen te viktim, rele nou. Nou gen anketè ak pwokirè ki espesyalize nan konbat eksplwatasyon finansye gramoun yo. Nou pral fè tout sa nou kapab pou reponn kesyon ou yo epi ba w èd ou bezwen an.

Sensèman,

Letitia James



Pwokirè Jeneral New York la
Letitia James

Moun ki se Sib Magouy yo

Se yon bagay ki senp. Granmoun ki pi aje yo se sib eskwo yo. Rezon yo senp tou: se kote lajan an ye. Granmoun aje yo souvan gen epay retrèt epi yo peye kay pou yo. Estimasyon ki sot fèt yo mete valè nèt moun nan kay la ki gen plis pase 65 lane jiska plis pase \$18 milya.

Granmoun ki pi aje yo ka poze tèt yo kesyon pou konnen si yo sere ase lajan pou yo sèvi jiska yo pran retrèt yo. Gen lòt ki fè fas ak pwoblèm sante oswa bès nan kapasite mantal yo, ki mete yo nan risk patikilye pou yo pran yo nan magouy. Anpil moun ap viv poukонт yo epi yo ka antre yo byen fasil nan konvèrsasyon kote yo revele plis enfòmasyon san yo pa reyalize sa.

Eskwo: Kiyès yo ye?

Fwod nan envestisman soti nan plizyè sous: apèl telefonik; seminè manje midi gratis; tablo afichaj entènèt ak imèl; piblisite pou “espesyalis eksperimentante.” Sa ki pi enpòtan an, yo souvan se moun viktим yo konnen epi yo fè konfyans: manm fanmi, zanmi ak moun k ap pran swen yo.

Eskwo yo itilize yon “kwòk.”

Gen anpil chans pou se youn nan



Lajan oswa

Pifò nan nou ap chècheyon bon afè oswa rève richès bridzoukou.



Lanmou oswa Bon Volonte

Moun bon kè yo vle ede sila yo sousye de yo a.



Laperèz ak

Yon fason iwonik, lè w pè sa ka fè nou mwens pridan, plis ouvè pou pwomès yon solisyon rapid oswa

Anatomi yon Magouy

Premye etap la se konnen ak ki sa yon magouy sanble. Fè atansyon ak sa yo lè yon moun ap ofri ou yon kontra oswa fè yon demann:

1

“Kwòk” ki ap Distrè w la

Nan sant yon magouy toujou gen yon bagay pou atire atansyon ou, pou atire ou yon fason ki fè ou pote mwens atansyon sou detay yo, oswa bese gad ou.

2

Yon Eskwo Ki Sanble Ou ka Fè l Konfyans

Pifò moun fè konfyans sof si yo ba yo yon rezon pou yo pa fè sa. Magouyè yo trè bon nan manipile moun pou fè yo konfyans.

3

Yon Dat Limit

Sa a ta ka yon endis ki di sa a se yon magouy. Pifò kanpay marketing lejitim yo gen yon kwòk, yon bagay pou atire yon achtè. Pifò kanpay piblisite yo konte sou ou pou fè enfòmasyon yo a konfyans. Si yon bagay p ap la demen, li gen anpil chans pou l pa lejitim.

Langaj yon Magouy


Menm jan ak anatomi an, magouy yo gen yon vokabilè pou rekonèt yo. Lè ou tandé fraz tankou sa yo, ou ka pwobableman konte sou yo pou di sa se yon magouy.

“Kenbe enfòmasyon
sa yo pou tèt ou.”

“Garanti pou plis pase
double lajan ou.”

Premyèman, pa gen okenn garanti nan envestisman yo. Dezyèmman, plis rannman yo pi wo, plis risk la pi gwo - sa a se yon reyalite.

Anba laparans enfòmasyon “konfidansyèl”, eskwo yo konvenk viktim yo pou yo pa pale sou envestisman. Yo vle w kwè yo— ak kounye a ou— gen enfòmasyon piblik la pa genyen. Epitou yo pa vle ou pale ak konseye finansye ki pral di ou li se yon magouy.



“Achte kounye a,
anvan li twò ta ... yon
opòtinite yon sèl fwa.”

Klèman, magouyè a vle lajan
an anvan envestisè a gen tan
anvizaje oswa fè rechèch sou
pwodui a.

“Profite tankou
Ekspè yo!”

Zafè sa yo gen tandans
pou yo pou envestisè
“regilye” a konplike, yo twò
difisilnegosye. Epitou yo gen
yon pi gwo risk, ak yo gen
plis chans.

Koupe Ankonbreman an oswa sa ki pa Nesesè yo

Yon bon fason pou pwoteje tèt ou se diminye òf ou pa mande yo. Men kèk
fason pou diminye apèl ak òf kat kredi yo.

Apèl Telemaketing:

donotcall.gov

(888) 382-1222

Òf dirèk na Lapòs ak Imèl:

dmachoice.org

Òf Kat Kredi:

optoutprescreen.com

Anons Sou Entènèt:

networkadvertising.org (888) 567-8688

Magouy sou Envestisman ki Komen

Fwod Afinité

Yon eskwo itilize “teren dantant”— tankou yon pwofesyon, orijin etnik, reliyon, enterè oswa eksperyans pataje — pou yo fè yo konfyans ak konvenk envesisè yo. Sa a se jeneralman yon fwod gran echèl ki grandi pamì yon gwooup moun, ki kite tout kominote yo devaste finansyèman.

Seminè ki Bay Manje Gratis

Majorite seminè sa yo aktyèlman se pwomosyon vant, yo konfeksyon yo pou yo parèt tankou yo edikatif. Prezantatè yo souvan defòme enfòmasyon idantifikasyon yo epi eseye jwenn enfòmasyon finansye pèsònèl enpòtan nan men patisipan yo anba laparans pou ede yo.

Pwogram Ponzi oswa Piramid

Sa yo ofri gwo pwofi sou pou envesti nan yon konpayi ou pa konnen men ki reyalis. Fòmil Ponzi a se senp: li pwomèt gwo rannman pou nouvo envesisè yo epi sèvi ak lajan an pou peye envesisè anvan yo. Envestisman yo anjeneral trè konplike oswa sekrè. Pwogram sa yo toujou tonbe epi viktim yo toujou pèdi.

Pwogram Prè

Retrete yo patikilyèman vilnerab paske yo souvan rich nan zafè lojman ak pòv nan zafè lajan kach. Ipotèk envèse, prè “rechaj” ak lòt pwogram prè predatè bay lajan kach men souvan vòlè kay gramoun aje yo.

Tit Siperyè

Magouyè yo ka rele tèt yo “Espesyalis Eksperimante” pou kreye yon fo nivo konfò pamì gramoun aje yo yon fason pou yo fè yo envesti. Pandan gen kèk koutye lejitim ki ka espesyalize yo nan domèn sa a, li enpòtan pou kesyone ki sa kalifikasyon sa yo ye aktyèlman.

Pwogram sou Entènèt

Enfòmasyon yo jwenn sou tablo afichaj ki sou entènèt, bilten enfòmasyon oswa nan imèl, ou pa dwe janm pran yo pou lajan okontan. Souvan yo se magouy total oswa publisite peye. Toujou verifye ak sous endependan anvan ou aji sou nenpòt konsèy ki sou entènèt.

Vandè Komèsyal ak Vandè ki pa Anrejistre

Moun ki vann pwodui finansye (aksyon, obligasyon, anuite, elatriye) oswa ki bay konsèy sou envestisman dwe pase egzamen yo epi yo dwe anrejistre. Si yon moun pa anrejistre epi li eseye vann ou yon pwodui oswa sèvis finansye, pa fè biznis ak li.

Menm yon pwofesyonèl tankou yon avoka oswa kontab dwe anrejistre legalman pou l kapab vann pwodui finansye.

Pwodui envestisman lejitim yo, eksepte aksyon yo vann nan yon echanj nasyonal, dwe anrejistre bò kote ofisyèl leta yo anvan yo ka vann piblik la yo. Pwodui finansye komen ki pa anrejistre yo ki anjeneral pa ka pase egzamen pwoesis anrejistreman an gen ladan: kontra lokasyon telefòn ou peye ak ATM, biyè dèt, ak fidisi envèstisman.

Envestisman ki pa apwopriye

Gen pwodui envestisman lejitim ki ka pa apwopriye pou ou. Anuite Varyab, pa egzanp, gen ladan komisyon elve, ansanm ak dire ki long ak frè racha ki koute chè. Yo pa bon envestisman pou anpil retrete.



Pwoteje Tèt ou: Poze Kesyon epi Verifye

?


Poze Kesyon:

- » Èske ou menm ak konpayi ou an gen lisans? Ki nimewo anrejistreman ou?
- » Ki fòmasyon ak eksperyans ou genyen?
- » Èske w gen nenpòt materyèl alekri sou envestisman sa a?
- » Konbyen tan ou gen nan domèn lan?
- » Èske ou ka ban mwen referans tankou non moun ki te envesti avèk ou depi lontan?
- » Kijan yo peye w—atravè yon komisyon? Atravè yon salè?
- » Lòt moun—jwenn yon dezyèm opinyon nan yon sous ki gen bon konesans sou sa.

✓

Verifye:

- » Si envestisman an anrejistre nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la;
- » Si vandè a gen lisans epi si yo te depoze nenpòt plent;
- » Referans — pale ak kliyan ki la lontan sou eksperyans yo;
- » Kit vandè a oswa konpayi yo anrejistre nan SEC a;
- » Deklarasyon finansye konpayi an epi mande yon pwofesyonèl endependan pou revize yo;
- » Pwòp deklarasyon ou yo ak kont ou pou frè san otorizasyon ou oswa sous konfizyon.



Konsèy Rapid pou Granmoun Aje Entelijan, Envestisè Entelijan

1. Pa janm bay yon moun ou pa konnen oswa ki kontakte ou enfòmasyon finansye pèsònèl ou. Souvan pwogram envèstisman yo se tantativ pou volè idantite w tou. Enfòmasyon prive, tankou nimewo Sekirite Sosyal, dat nesans, ak nimewo kont yo, yo kapab itilize tout pou efase kont ou yo.
2. Resevwa li alekri. Asire w ou mande enfòmasyon alekri sou envestisman an ak òganizasyon ki dèyè kontra a. Sa a gen ladan istorik travay, ak antedesan vandè a, ansam ak enfòmasyon sou konpayi an li menm. Asire w tout moun ki enplike yo gen lisans epi envestisman an anrejistre. Sa a pwoteje ou epi diminye chans ou pou mal konprann yon bagay. Li se yon bon lide pou mete enstriksyon sou envestisman w yo alekri tou. Konsève dosye sou nenpòt ak tout tranzaksyon ak konvèrsasyon yo.
3. Poze kesyon. Si vandè a refize ba w enfòmasyon, se paske y ap kache yon bagay.
4. Kanpe konvèrsasyon an. Pa tankou yon viktим koutwazi. Pratike pou di “non” lè w tou senpleman di nenpòt moun k ap fè presyon sou ou, “Mwen pa janm pran desizyon envestisman san (jwenn enfòmasyon alekri, pale ak kontab mwen, elatriye). M ap rele ou si mwen toujou enterese. Orewwa.” Lè w konnen kijan pou w soti davans, li pi fasil pou w kite konvèrsasyon an si presyon an kòmanse monte.
5. Pa santi w dwe yon moun ki ba w konsèy finansye “ou pa mande”. Yon moun ki bay konsèy san w pa mande, ka ap eseye volè konfyans ou pou li ka mete men yo sou lajan ou.
6. Pa envesti nan yon bagay ou pa konprann. Si yon envestisman twò konplike pou konprann, se pa yon bon envestisman pou ou.
7. Pa kite yo kraponnen w nan yon ipotèk envèse ki gen fwod. Pa janm bay yon moun papye kay ou san w pa chèche konsèy endependan. Pa reponn reklam oswa pwomosyon ou pa mande yo. Chèche pwòp konseye ipotèk envèse ou.
8. Pa mete tout ze ou nan yon sèl panyen. Kle a se pou divèrsifye ak divize envèstisman ou yo yon fason pou limite pèt potansyèl yo.
9. Pa janm bay yon moun yon chèk lòd peman. Fè tout chèk lòd peman yo sou non yon konpayi oswa yon enstitisyon finansye — sa a kite yon tras alekri ki pi an sekirite si ou sispièk gen fwod pi devan.
10. Plis Panche sou Rapò. Si w panse w se yon viktим abi, ou pa bezwen pè oswa jennen pou w pote yon plent. Sitiyasyon an ap sèlman vin pi mal si ou pa fè anyen.

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la

Pou jwenn enfòmasyon sou estati anrejistreman koutye, negosyan, vandè valè imobilye ak konseye sou envestisman; estati anrejistreman valè imobilye sou envestisman; siyale fwod envestisman ou sispek.

Biwo, Biwo Pwoteksyon Envestisè (Office Investor Protection Bureau)

(212) 416-8222

ag.ny.gov

Otorite Regilasyon Endistri Finansye (Financial Industry Regulatory Authority, FINRA)

Pou enfòmasyon sou travay koutye oswa konseye ak istwa disiplinè.

(800) 289-9999

finra.org

Asosyasyon Administratè Valè Imobilye Nò Ameriken (North American Securities Administrators Association, NASAA)

Pou jwenn enfòmasyon sou magouy ki fèt pi souvan nan sa ki gen pou wè ak envestisman.

nasaa.org

Biwo Rejyonal yo (Regional Offices)

Biwo Rejyonal Binghamton State Office

Building, 17yèm Etaj 44 Hawley Street
Binghamton, NY 13901
(607) 251-2770
Fwod Konsomatè: (607) 251-2764

Biwo Rejyonal Brooklyn

55 Hanson Place, Suite 1080
Brooklyn, NY 11217
(718) 560-2040

Biwo Rejyonal Buffalo

Main Place Tower, Suite 300A 350 Main
Street
Buffalo, NY 14202
(716) 853-8400
Fwod Konsomatè: (716) 853-8404

Biwo Rejyonal Harlem

163 West 125th Street, Suite 1324 New York,
NY 10027
(212) 364-6010

Biwo Rejyonal Nassau

200 Old Country Road, Suite 240
Mineola, NY 11501
(516) 248-3302 oswa (516) 248-3300
Fwod Konsomatè: (516) 248-3300

Biwo Rejyonal Plattsburgh

43 Durkee Street, Suite 700
Plattsburgh, NY 12901
(518) 562-3288
Fwod Konsomatè: (518) 562-3282

Biwo Rejyonal Poughkeepsie One Civic Center Plaza - Suite 401 Poughkeepsie, NY

12601-3157
(845) 485-3900

Biwo Rejyonal Rochester

144 Exchange Boulevard, Suite 200
Rochester, NY 14614-2176
(585) 546-7430
Fwod Konsomatè: (585) 327-3240

Biwo Rejyonal Syracuse

300 South State St, Suite 300
Syracuse, NY 13202
(315) 448-4800
Fwod Konsomatè: (315) 448-4848

Biwo Rejyonal Suffolk

300 Motor Parkway, Suite 205
Hauppauge, NY 11788
(631) 231-2424
Fwod Konsomatè: (631) 231-2401

Biwo Rejyonal Utica

207 Genesee Street
Chanm 508
Utica, NY 13501
(315) 864-2000

Biwo Rejyonal Watertown

Dulles State Office
Building 317 Washington Street
Watertown, NY 13601
(315) 523-6080

Biwo Rejyonal Westchester

44 South Broadway White Plains, NY 10601 (914)
422-8755
Fwod Konsomatè: (914) 422-8755

Biwo Evalyasyon Kredi (Credit Reporting Bureaus)

Experian

Kòmande yon Evalyasyon Kredi ak Nòt li.....(888) 397-3742
Ede ak Fwod, Vòl Idantite ak Kredi.....(888) 397-3742
Sit Entènèt.....experian.com

TransUnion


Liy Prensipal.....(800) 916-8800
Sit Entènèt.....transunion.com
Sit Entènèt Dispute.....transunion.com/credit-disputes/dispute-your-credit
Sit Entènèt Fraud.....transunion.com/fraud-alerts
Sit Entènèt Freeze.....freeze.transunion.com
*Depatman Èd pou Victim Fwod TransUnion
P.O. Box 6790 / Fullerton, CA 92834*

Equifax

Sit entènèt:.....equifax.com
Evalyasyon Kredi Gratis ..(800) 685-1111
Sit Entènèt Evalyasyon Kredi Gratis.....equifax.com/fcra

Innovis

Sit entènèt.....innovis.com





Biwo Pwokirè Jeneral New York la

Letitia James

ag.ny.gov
(800) 771-7755